



Sekirite Oksijèn Pòtab nan Kay



Oksijèn toujou dwe itilize avèk prekosyon e sipoze rekonèt danje potansyèl yo. Li pa ka pran dife, men li ka fè lòt materyèl limen fasil e brile pi rapid.

Sekirite Oksijèn Pòtab– Itilizasyon – Ranjman

- Pa fimen oswa kite lòt lafimen pre ou lè ou ap itilize oksijèn
- Itilize grès ki a baz dlo ak krèm sou bouch ou ak men ou. Pa itilize viks, grès pretwoleyòm, oswa pwodwi ki fèt ak lwil.
- Pa itilize oksijèn lè w ap fè manje ak gaz
- Kenbe sous dife yo lwen omwens a 5 pye
- Tank yo dwe ranje kanpe sou yon etajè oswa yon charyo pou anpeche yo panche oswa tonbe
- Ranje oksijèn yo nan yon zòn ayere – pa nan yon amwa oswa bifèt.
- Kenbe system oksijèn yo owens a 5 pye de tout sous chalè ak lòt sous ki ka limen.
- Transpòte boutèy oksijèn yo ak tank yo nan zòn pasaje yon machin – pa nan yon kòf machin.
- Swiv enstriksyon fabrik yo sou itilizasyon ekipman yo.



Konsyan de danje yo

Oksijèn ka kòz lòt materyèl ki ka boule pou limen pi rapid e pi fasil.

Gaz ki konprese se oksijèn ki estoke avèk presyon nan yon ekipman an silend ki gen regilatè.

Itilize tank an silend sèlman a mwens ke 250 pye kib nan tanperati e presyon nòmal.



Sekirite Oksijèn nan Kay



Konsantratè se aparèy elektrik ki separe oksijèn de lè a, konsantre, e estoke.

Sèlman plòge konsantratè yo dirèkteman nan yon plòg ki byen chita e fikse, san yon fil ekstansyon oswa miltipriz.

Oksijèn an Likid

- Evite manyen konektè ki jele oswa glase nan kote yo ranje rezèvwa a oswa aparèy pòtab la
- Evite kontak ak nenpòt likid pandan w ap ranpli aparèy pòtab yo.
- Kòd Ponpye a mande ke boutèy la mwens ke 15.8 galon nan yon pozisyon kanpe.

Pou plis enfòmasyon sou Sekirite kont Ensandi peze la a

